

Rezime Plan Daksyon Ekite sou COVID-19 Depatman Sante ak Ijyèn Mantal la

Byenke COVID-19 se yon nouvo maladi, modèl devastasyon li a familye: Kominote nwa, latino, imigran, ak kominote ki gen revni ba yo afekte yon fason ki dispwopòsyonèl.

Depatman Sante ak Ijyèn Mantal la ap egzekite yon **Plan Daksyon Ekite** ("Equity Action Plan") pou fè avanse politik ak pratik ekitab nan repons sou COVID-19 Vil la. Plan an itilize mesaj ki sible ak plis angajman ak patenè swen sante ak patenè kominotè yo nan katye ki genyen fado ka COVID-19, ospitalizasyon ak lanmò yo. **Nou rekonèt ke mank investisman nan katye sa yo ak rasis estriktirèl se faktè risk pou COVID-19.**

Plan Daksyon Ekite a itilize yon kad jistis rasyal ak estrateji ki adapte ak popilasyon yo pou amelyore pi byen manm kominote yo. Apwòch sa a asire li ke kominote ki te frape pi plis anba COVID-19 yo resevwa enfòmasyon, resous ak sipò yo bezwen yo.

Plan Daksyon Ekite a genyen twa pati prensipal:

1. Angaje avèk pwofesyonèl swen sante yo:

Travay avèk pwofesyonèl swen sante kominotè yo nan etablisman ki genyen 10 oswa mwens doktè pou ogmante kapasite yo pou sèvi nan premyè liy nan ijans sante piblik sa a pandan tout faz repons yo; sipòte pwofesyonèl swen sante yo pou idantifye ak adrese bezwen swen sante kominotè yo pou redwi faktè risk pou COVID-19 yo.

Pou fè sa, nou pral:

- Evalye bezwen founisè endepandan yo nan klinik yo epi bay èd teknik pou reouvri klinik yo a ak kontinye operasyon chak jou yo.
- Ankouraje pwofesyonèl swen sante yo pou ofri sèvis telemedsin yo ak ede yo jere ranbousman.
- Ede pwofesyonèl swen sante yo pran kontak ak pasyan yo pou verifye kijan yo ye ak konekte yo ak swen, gen ladan medikaman, vaksinasyon ak enfòmasyon sou sante ak lòt resous yo.
- Eksplòre fason pou fasilite vizit swen prensipal andeyò etablisman klinik abityèl yo, tankou klinik mobil yo.
- Bay founiti medikal, gen ladan ekipman pwoteksyon pèsònèl:
- Enskri pwofesyonèl swen sante yo pou vini patisipan ki otorize nan pwogram Otèl sou COVID-19 Vil la, ki bay chanm otèl pou moun ki gendwa genyen COVID-19 oswa ki ap viv ak yon moun ki gendwa genyen COVID-19 epi ki pa kapab separe ak lòt manm fanmi yo.
- Enfòmè pwofesyonèl swen sante yo sou sèvis ak resous Vil la ki kapab sipòte pasyan yo a pandan ak apre ijans sante piblik COVID-19 la (sante, manje, lòt sèvis sosyal yo).

2. Angaje avèk patenè kominotè yo:

Travay dirèkteman avèk patenè kominotè yo pou idantifye pwoblèm sante yo, kreye estrateji repons yo, ogmante sansibilizasyon sou enfòmasyon sante jeneral yo ak asire manm kominote yo resevwa swen sante ak aksè ak lòt resous yo.

Pou fè sa, nou pral:

- Kontinye bati relasyon ak fè patenarya avèk lidè kominotè yo, òganizasyon kominotè ak gwoup relijye yo pou pi byen konprann ak satisfè bezwen yo.
- Fè lyen ak gwoup ak manm kominotè yo avèk sèvis ak resous Vil la ki kapab sipòte kominote yo a pandan ak apre ijans sante piblik COVID-19 la (sante, manje, lòt sèvis sosyal yo).
- Reyalize vizit sou byennèt ak sante avèk manm kominote yo pou idantifye bezwen sante yo ak edike yo sou yon ansanm pwoblèm sante ak konekte yo ak swen.
- Pwodwi rapò bay lidèchip vil la nan idantifye nouvo bezwen ak bezwen aktyèl patenè ak manm kominotè yo.
- Etabli ak dirije Konsèy Konsiltatif Kominotè sou Tès ak Tras (CAB, Test and Trace Community Advisory Board) la an patenarya avèk Health + Hospitals (Sant + Lopital) pou asire ke yo konsidere vwa ak bezwen kominote yo pandan ke trasaj kontak yo ap avanse.

3. Kominike avèk kominote a:

Bay enfòmasyon ajou sou ogmante konpreyansyon manm kominote yo sou COVID-19 ak travay pou konbat movèz enfòmasyon; bay resous pou ede moun yo rete ansante; ak pwomouvwa istwa kominotè yo ak soulinye enpak inegalite estriktirèl yo sou sante.

Pou fè sa, nou pral:

- Bay enstriksyon pou COVID-19 nan plis pase 20 lang atravè rezo kominotè yo ak sinyalizasyon nan metwo yo ak magazen lokal yo.
- Voye bay manm kominotè yo lèt dirèk ak mesaj tèks pa telefòn sou COVID-19, gen ladan:
 - Sentòm yo
 - Risk pou maladi grav yo
 - Prevansyon ak swen
 - Estrateji pou fè fas ak estrateji pou byennèt yo
- Pwodwi reyinyon piblik adistans ki adapte pou kominote yo ke òganizasyon kominotè ak òganizasyon relijye yo, lidè kominotè ak ofisyèl eli yo òganize ansanm.
- Pwodwi piblisite ki sible ak fè pwomosyon atravè yon ansanm kanal.

Pandan chak moun New York afekte anpil anba COVID-19 la, enpak dispwopòsyonèl la sou kominote nwa, latino, imigran ak kominote ki gen revni ba yo inakseptab epi nou dwe adrese sa. Enpak dispwopòsyonèl la agrave akòz mank investisman ak rasis estriktirèl ki anrasine nan sistèm sosyal, ekonomik ak sante aktyèl yo. Kounye a li lè pou ede konpatriyòt moun New York nou yo ak rès monn lan konprann konsekans inegalite sosyal yo. **Nou ansante ak an sekirite sèlman menm jan ak kominote ki mwens ansante epi ki anba plis risk nou an.**

Depatman Sante Vil New York la gendwa chanje rekòmandasyon yo pandan sitiyasyon an ap evolue.